

AVÈTISMAN

MANM KOMISYON SANTE AK IJYÈN MANTAL VIL NEW YORK LA

ETANDONE, nan dat 25 mas 2020 an, selon seksyon 3.01 Kòd sante vil New York la (“Kòd sante”), yo te deklare yon eta ijans sante piblik nan vil la akòz COVID-19 la, kote yo te bay kèk lòd e yo te poze kèk aksyon ki nesèsè pou pwoteje sante ak sekirite vil New York la ak rezidan l yo;

ETANDONE ka COVID-19 yo ak ospitalizasyon yo ogmante rapid nan vil New York la, konsa li nesèsè pou poze yon seri aksyon pou pwoteje sante piblik la, pou kantite ka yo vin mwens e pou ede lopital yo kenbe kapasite yo bezwen an pou fè travay yo;

ETANDONE adilt ki pi aje yo ak moun ki gen deja kèk pwoblèm sante yo gen plis risk pou yo malad grav akòz COVID-19 la, konsa yo gen plis risk pou yo sibi konplikasyon medikal, pou yo entène lopital e pou yo mouri;

Manm Komisyon Sante a te pibliye yon avètisman sante pou adilt ki pi aje yo (sitou sila yo ki gen 65 an oswa plis), pou moun ki deja gen kèk pwoblèm sante ki fè yo gen plis risk pou yo malad grav akòz COVID-19 la, e pou moun ki fè pati fwaye moun sa yo oswa k ap pran swen yo.

KIDONK, NOU FÈ W KONNEN SA KI VIN APRE A:

Pou pwoteje tèt ou, manm fwaye w yo ak kominote w yo kont pwopagasyon COVID-19 la, nou rekòmande w pou limite kantite aktivite ou fè deyò lakay ou, sof si w bezwen soti pou al travay oswa lekòl, oubyen pou kèk bezwen esansyèl tankou jwenn swen medikal, fè pwovizyon oswa achte pwodui nan famasi.

Epitou, toutotan sa posib, rezidan New York yo, sitou moun avètisman sa a konsène yo, ta dwe evite zòn piblik yo ak rasanbleman yo; pote yon kach-nen toutan anndan kou deyò, menm lè yo bò kote manm fwaye yo si moun sa yo gen sentòm ki mache ak COVID-19 yo, si yo te ekspoze ak yon moun yo konnen ki gen COVID-19, oubyen si yo gen enteraksyon ak piblik la souvan; toujou kenbe yon distans omwen sis pye avèk lòt moun lè yo pa lakay yo; rete lakay yo si yo malad, sof pou yo jwenn swen medikal ki esansyèl, tankou pou fè yon tès COVID-19; pratike bonjan abitud ijyèn men yo, tankou lave men yo souvan avèk dlo ak savon pandan omwen 20 segonn epi evite manyen je yo, nen yo ak bouch yo si men yo pa lave; epi netwaye souvan zòn anpil moun manyen yo.

Metete sou sa, pou limite enteraksyon w yo ak lòt moun plis toujou, nou rekòmande w pou pa envite okenn moun lakay yo, sof moun k ap pran swen w yo, e pou pa vwayaje okenn kote, ni nan vil New York la, ni lòt kote.

Kèk nan pwoblèm sante ki ogmante risk pou w malad grav akòz COVID-19 la se kansè, pwoblèm kè, tankou ensifizans kadyak, maladi atè kadyovaskilè, oswa kadyomyopati, maladi ren kwonik, dyabèt tip 2, gwosès, maladi anemi falsifòm, obezite, eta iminodeprime (sistèm iminitè ki afebli) akòz yon grè ògàn solid, fimèn, ak bwonkonemopati kwonik obstriktif. Yo pibliye yon lis ki mansyone tout pwoblèm sante ki gendwa ogmante risk pou w malad grav la sou [sit Entènèt CDC a](https://www.cdc.gov/media/releases/2020/s111920-covid-19-risk-factors.html).

Ou ta dwe kontinye resevwa swen medikal woutin ou bezwen yo pou nenpòt maladi kwonik oswa lòt pwoblèm sante ou genyen, epi ou ta dwe pran vaksen ou bezwen yo selon tout sa pwofesyonèl sante w mande w.

Kontakte pwofesyonèl sante w si w gen sentòm COVID-19 yo. Si w gen yon ijans medikal, rele 911.

Pou w jwenn plis enfòmasyon ak rekòmandasyon, ale sou [nyc.gov/health/coronavirus](https://www.nyc.gov/health/coronavirus).